



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PORT JERVIS KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA NAN REJYON MID-HUDSON LAN NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA

Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a

Eta a pral travay avèk rezidan yo, lidè kominotè yo ak responsab piblik yo pou revitalize anba lavil Port Jervis la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Port Jervis pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon Mid-Hudson lan nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan 6èm faz DRI a, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an ap ede kominote atravè New York yo redinamize anba lavil pa yo, relanse ekonomi yo, epi atire biznis ak travay ki pèmèt rezidan yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk prim sa a, Vil Port Jervis pral kòmanse yon nouvo chapit nan direksyon pou revitalize anba lavil li a ak grandi ekonomi lokal li a kòm yon destinasyon panoramik pou manm kominote yo ak vizitè yo."

DRI sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a. Kòm yon pati nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 24 la, Gouvènè Hochul te pwopoze 100 milyon dola pou finanse yon faz DRI adisyonèl.

Port Jervis

Port Jervis sitiye sou riv rivyè Delaware ak Neversink nan jonksyon New York, New Jersey ak Pennsylvania, yon kote estratejik ki atire vizitè lokal ak rejyonal nan anba lavil Vil la ak enstalasyon anplennè ki tou pre yo. Tout vil Port Jervis la aksesib pou pyeton ak bisiklèt, sa ki ofri rezidan li yo benefis nan yon anviwonman iben/banlye ki oryante sou fanmi ki sipòte pa sèvis minisipal yo. Port Jervis se lakay anpil sèvis ak atraksyon kominotè- soti nan Bliyotèk Gratis Carnegie a pase nan mache kiltivatè lokal yo rive nan Sant Istwa Transpò Port Jervis (Port Jervis Transportation History Center) la ak seleksyon gwo restoran, pib ak kafe li yo. Vil la ofri tou opòtinite lwazi anplennè ozalantou peyizaj pitorèsk li a, ki gen ladan plis pase 80 km santye Basen vèsan, yon vizit a pye istorik ki mezire 9 km mil ak yon bouk a pye ki mezire 3 km.

Investisman prive lokal ki resan yo pandan plizyè ane ki sot pase yo ap ede kreye momantòm pou revitalizasyon anba lavil la. Vizyon Port Jervis pou revitalizasyon se konbine cham istorik li ak teknoloji ak metòd modèn ki sipòte dirabilite klimatik, opòtinite biznis ak rezidan yo, pandan y ap fè pwomosyon pou aktivite anplennè li yo otou rivyè sovaj ak pitorèsk Delaware a ak bò mòn yo. Vilaj la ap chèche reyalize vizyon li nan amelyore atraksyon anba lavil la, ajoute lojman nan nouvo bilding ak bilding ki deja egziste yo, kreye lari ki pi an sekirite, amelyore opsyon transpò milti-modal ak koneksyon ak amelyore efikasite enèji nan tout kominote a.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan tout rejyon an, epi konsidere tout kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Port Jervis kòm rejyon ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte, oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
 - Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ yo;
 - Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
 - Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Port Jervis te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvel opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Port Jervis rejwenn kominote Middletown, Kingston, New Rochelle, Peekskill, Haverstraw ak Ossining, ki se te gayan Rejyon Mid-Hudson lan nan senk premye faz DRI yo.

Port Jervis pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan

sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Avèk anpil bilding istorik li yo, atraksyon kominotè ak opòtinite enteresan pou lwazi deyò, Port Jervis gen yon opòtinite reyèl pou vin yon sant aktivite santral pou tout rejyon Mid-Hudson lan. Prim 10 milyon dola sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral bay kominote k ap grandi sa a bourad li bezwen pou revitalize anba lavil li a epi amelyore katye a pou rezidan yo ak vizitè yo. Felisitasyon pou tout kominote Port Jervis la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Port Jervis rejwenn seri kominote Eta New York k ap transfòme pa DRI a. Finansman sizyèm faz la pral sipòte yon plan estratejik ki chita sou lokal litoral dramatik lan nan destinasyon rejyon Mid-Hudson sa a, pou pi byen sèvi, konekte ak akeyi moun ke yo atire isit la pou viv, travay ak jwe."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "10 milyon yo te akòde bay Port Jervis nan sizyèm faz pwogram DRI Gouvènè a bay vil la chans pou l bati sou resous lokal yo epi transfòme sant vil li a an youn ki pi vibran nan rejyon Mid-Hudson lan. Prim sa a pral ede vil la konstwi rèv li sou fòm nouvo lojman ak espas komèsyal, transpò piblik amelyore, ak yon koneksyon estratejik ak resous natirèl etonan ki antoure li. Felisitasyon!"

Ko-prezidan MHREDC Mid-Hudson lan, Doktè Marsha Gordon, & Doktè Kristine Young, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The Business Council of Westchester (Konsèy Biznis nan Westchester) a, ak Prezidan SUNY Orange, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la transfòme katye anba lavil yo an destinasyon atiran, sa ki pote nouvo lavi nan kè yon kominote ki vin tounen yon leman pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo. Port Jervis pral kapitalize sou istwa long li otou dlo a epi plan yo pral pote anpil avantaj bay nouvo jenerasyon yo, epi menm nan tan k ap vini an."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Port Jervis se yon vil dinamik ki gen lidèchip ak manm kominotè k ap travay san pran souf pou ekri yon nouvo chapit sou rezistans, rekreyasyon, ak siksè ekonomik. Sibvansyon 10 milyon dola sa a pral dinamize efò vil la, epi mwen bat bravo pou Majistra Decker ansanm ak ekip li a pou viktwa enpòtan sa a epi mwen remèsye Gouvènè a pou sipò li."

Manm asanble Karl Brabenec te deklare, "Mwen kontan tandè ke Port Jervis te resevwa 10 milyon dola nan finansman eta a pou revitalize katye anba lavil li yo. Sa yo se kalite envestisman ki panse pou lavni ki fè yon diferans nan lavi Nouyòkè yo, epi mwen fyè dèske Port Jervis ap resevwa fon sa yo epi mwen rekonesan anvè gouvènman eta a paske li fè patenarya avèk yo."

Majistra Port Jervis la, Kelly Decker, te deklare, "Nan non rezidan vil Port Jervis yo, nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul, ekip li a, ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan ki te wè vizyon ak redevlopman vil nou an. Resevwa prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral revitalize ak dinamize anpil ti vil nou an sou riv Delaware a; Port Jervis. Anpil moun te travay trè di pandan plizyè ane ki sot pase yo pou amelyore Port Jervis e sa a se "seriz sou gato a". Kounye a, li lè pou nou manche ponyèt nou yon fwa ankò epi travay pou fè jwayo sa a (Port Jervis) briye!"

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou envestisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan envestisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize envestisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)